Pou Piblikasyon Imedya: 15/09/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 80 MILYON DOLA NAN FON KAPITAL DISPONIB POU SIPÒTE ÒGANIZASYON ATISTIK AK KILTIRÈL SAN BI LIKRATIF YO NAN ETA NOUYÒK

Sibvansyon yo varye ant 10,000 dola ak 10 milyon dola pou òganizasyon tout gwosè; dat limit pou soumèt aplikasyon yo se 12 janvye 2027

Li baze sou sibvansyon NYSCA ki vo 163 milyon dola yo te bay nan Ane Fiskal 2026 la pou sipòte òganizasyon atistik ak kiltirèl yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke 80 milyon dola nan finansman kapital ki disponib pou òganizasyon atistik ak kiltirèl san bi likratif yo atravè Fon Pwojè Kapital Konsèy sou Zèv Atistik Eta New York la (New York State Council on the Arts, NYSCA). Fon an gen twa kategori sibvansyon: Sibvansyon Piti ak Mwayen pou Amelyorasyon Kapital, Gwo Sibvansyon Pou Amelyorasyon Kapital, ak Sibvansyon pou Konsepsyon Kapital pou Atizay ak Kilti. Opòtinite finansman 80 milyon dola a bati sou 82 milyon dola nan prim kapital NYSCA te fè nan kòmansman ane sa a, ki gen ladan finansman pou plizyè ane pou fasilite pwojè kapital a gwo echèl ki priyorize devlopman kominotè ak kreyasyon espas.

"Òganizasyon atistik ak kiltirèl Nouyòk yo se yon motè kle pou kominote nou yo k ap pwospere, sa ap nouri ekonomi lokal yo epi atire vizitè ki soti toupatou nan mond lan", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè yo envesti nan nouvo konstriksyon, nan amelyorasyon aksesibilite ak nan inisyativ dirabilite anviwònmantal, òganizasyon sa yo ka grandi, elaji epi kontinye enspire kominote y ap sèvi yo."

Fon Pwojè Kapital NYSCA a pral sipòte enstitisyon atistik ak kiltirèl k ap chèche finansman Eta a pou envestisman nan amelyorasyon kapital ki pèmèt òganizasyon yo soutni ak elaji pwogram kiltirèl pou divès piblik, ankouraje aksè ak dirabilite anviwònman an, prezève ak kreye travay, epi finalman kontribye nan kwasans sektè atistik ak touris New York yo. Sibvansyon yo varye ant 10,000 dola ak 10 milyon dola pou sipòte òganizasyon ak pwojè tout gwosè.

Twa opòtinite ki genyen nan kad Fon Pwojè Kapital pou Ane Fiskal 2027 la se:

Sibvansyon Kapital pou Amelyorasyon Piti ak Mwayen pou Zèv Atistik ak Kilti: Opòtinite sa a finanse pwojè ke òganizasyon atistik ak kiltirèl san bi likratif kèlkeswa

gwosè yo, avèk sibvansyon konstriksyon ak ekip kapital jiska 2 milyon dola ki priyorize aksè, zèv atistik, devlopman kiltirèl, dirabilite, sante ak sekirite, ak amelyorasyon estriktirèl ak istorik. Sibvansyon ki soti nan 50,000 dola pou rive nan 2 milyon dla kouvri jiska 50 pousan nan pri total pwojè a. Sibvansyon ki pa kontrepati ant 10,000 dola a 99,000 dola disponib tou pou òganizasyon ki gen bidjè fonksyònman ki mwens pase 2 milyon dola. Pwojè solid yo konbine ekselans nan konsepsyon ak desizyon enfòme sou kapasite òganizasyonèl ak bezwen kominote a ki pral afekte pozitivman avni òganizasyon atistik ak kiltirèl yo atravè Nouyòk.

Sibvansyon Kapital pou Gwo Amelyorasyon pou Zèv Atistik ak Kilti: Opòtinite sa a pral sipòte enstitisyon zèv atistik ak kiltirèl atravè eta a k ap antreprann amelyorasyon kapital ki gen enpak epi a gran echèl. Sibvansyon an ap varye ant 2 milyon dola a 10 milyon dola pou pwojè ki gen yon pri total 4 milyon dola oswa plis. (sibvansyon yo ka kouvri o maksimòm 50 pousan nan pri total pwojè a). Finansman sa a pral sipòte envestisman pou pèmèt òganizasyon yo pwospere nan elaji pwogram kiltirèl, atenn nouvo odyans ak sa ki divèsifye, ak ankouraje aksè. Sibvansyon sa yo pral ede tou pou fè avanse objektif Eta a konsènan devlopman ekonomik e egzije tout aplikan pou angaje nan inisyativ ekite sosyal ak plan aksè ki sèvi tout Nouyòkè yo.

Sibvansyon Konsepsyon Kapital pou Zèv Atistik ak Kilti: Opòtinite sa a pral sipòte devlopman dokiman konsepsyon entèmedyè ak avanse pou òganizasyon atistik ak kiltirèl san bi likratif ak bidjè fonksyònman 10 milyon dola oswa mwens atravè eta a k ap planifye amelyorasyon kapital elijib epi ki nan premye etap konsepsyon yo kounye a. Sibvansyon yo pral varye ant 50,000 dola a 500,000 dola, pou yon maksimòm 50 pousan nan montan total pou faz konsepsyon an. Sibvansyon ki pa kontrepati ant 10,000 dola a 99,000 dola pral disponib tou pou òganizasyon ki gen bidjè enferyè a 2 milyon dola.

Pòtay aplikasyon an ak gid pou opòtinite sa yo ouvri kounye a, epi ou ka jwenn aksè sou sitwèb NYSCA, arts.ny.gov. Delè pou soumisyon aplikasyon ki ranpli a se 12 janvye 2027, a 5 p.m. Yo ankouraje tout òganizasyon atistik ak kiltirèl san bi likratif nan Eta New York ki elijib yo pou yo aplike pou Fon Pwojè Kapital NYSCA a. NYSCA pral reyalize tou seminè sou entènèt sou pwosesis aplikasyon an epi òganize plizyè sesyon biwo vityèl pou aplikan yo resevwa asistans youn a youn anvan dat limit 12 janvye 2027. Yo prevwa ke yo pral anonse prim sibvansyon nan fen sezon prentan 2027.

Depi lè Pwojè Fon Kapital NYSCA a te kòmanse an 2018, ajans lan te bay 739 sibvansyon kapital, ki totalize plis pase 382 milyon dola, atravè tout 10 rejyon eta yo pa mwayen sipò Gouvènè a ak Lejislati a. Pwojè sa yo ogmante kapasite travay epi fè avanse espas kiltirèl yo kòm destinasyon touris yo, ranfòse sektè ospitalite, alimantè ak bwason, ak vant an detay Nouyòk yo. Anplis Fon Pwojè Kapital yo, NYSCA ap bay 80.9 milyon dola sibvansyon ki pa kapital bay òganizasyon atistik ak atis yo pou Ane Fiskal 2026.

Gouvènè Hochul kontinye fè envestisman rekò pou devlope nan Nouyòk sektè atistik ak kiltirèl ki enpòtan. Bidjè ane fiskal 2027 ki adopte a gen ladan tou plis pase 81 milyon

dola pou sipò operasyonèl jeneral NYSCA pou òganizasyon san bi likratif yo ak atis endividyèl yo. Yo pral bay sibvansyon sa yo nan fen ane sivil la.

Direktè Egzekitif Konsèy Zèv Atistik Eta Nouyòk la, Erika Mallin, te deklare, "Òganizasyon kiltirèl ak sa ki nan domèn atizay yo se gwo motè ekonomik: yo kreye djòb, yo ankouraje touris epi yo dinamize kominote ki bò kote yo. Envestisman 80 milyon dola sa a nan amelyorasyon enfrastrikti pral ede asire òganizasyon sa yo gen resous ki nesesè pou kontinye ankouraje kwasans nan tout Nouyòk pandan plizyè Deseni ane k ap vini yo."

PrezidanKonsèy Atizay Eta Nouyòk la, Patrick Willingham, te deklare, "Envesti nan òganizasyon atistik ak kiltirèl nou yo vle di envesti nan avni yo, e sa gen ladan l plis dirabilite. Finansman sa a pral ede òganizasyon yo modènize enstalasyon yo, redwi enpak yo sou anviwònman an, epi pèmèt yo sèvi kominote nou yo pandan plizyè jenerasyon."

Senatè Eta a, Jose M. Serrano te deklare, "Òganizasyon kiltirèl ak atistik k ap pwospere pote fòs ekonomik epi yo estimile kwasans rejyonal nan tout eta nou an. Antanke Prezidan Komite Sena a sou Afè Kiltirèl, Touris, Pak ak Rekreyasyon, mwen fyè dèske mwen te ede jwenn finansman enpòtan sa a pou sipòte sektè atizay ak kilti a, epi mwen kontan wè Nouyòk ap kontinye envesti nan sektè kreyatif nou an. Mwen remèsye anpil Gouvènè Kathy Hochul, NYSCA, Manm Asanble Ron Kim ak kòlèg mwen yo nan gouvènman an, ki ankouraje òganizasyon nou yo pou yo gen gwo anbisyon, planifye pou avni yo epi aplike pou opòtinite sa yo."

Manm Asanble Ron Kim te deklare, "Òganizasyon atistik ak kiltirèl nou yo se espas kote Nouylòkè yo reyini, konekte youn ak lòt, epi aprann. Lè yo grandi epi yo pwospere, tout moun jwenn avantaj ladan l — soti nan yon pi gwo kantite moun k ap pase apye, rive nan nouvo vizitè ak manm kominote a ki angaje. Opòtinite ki genyen nan Fon Pwojè Kapital NYSCA a bay enstitisyon sa yo yon sipò esansyèl pou yo ka grandi, pwospere epi planifye pou lavni."

Enfòmasyon sou Konsèy Eta Nouyòk pou Zèv Atistik la
Misyon Konsèy Atistik Eta Nouyòk la se pou ankouraje ak fè avanse ansanm atizay kilti, ak kreyativite Eta Nouyòk pou tout moun. Konsèy Atistik Eta Nouyòk la pral akòde plis pase 161 milyon dola nan Ane Fiskal 2027 la, ki ap sèvi òganizasyon ak atis nan tout 10 rejyon eta yo. Kreye pa Gouvènè Nelson Rockefeller an 1960 epi kontinye avèk sipò Gouvènè Kathy Hochul ak Kò Lejislatif Eta Nouyòk lan, Konsèy la se yon ajans ki fè pati Branch Ekzekitif la. Pou plis enfòmasyon sou NYSCA, tanpri vizite arts.ny.gov, epi swiv paj NYSCA sou Facebook , sou X @NYSCArts ak Instagram @NYSCouncilontheArts.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU
Pou dezabòne nan gwoup sa a epi sispann resevwa imèl ki soti ladan, voye yon imèl bay press.release+unsubscribe@exec.ny.gov.